# Enstriksyon pou itilize prezèvatif




www.santelakay.weebly.com













1- Pran kapòt la, ouvri'l dousman poul pa chire. Mete'l sou peni an epi dewoule'l.

2- Si gason an pa sikonsi, li dwe pouse po a nan pwent peni an. kenbe pwent kapòt la mete'l sou peni an pandan li kanpe.

3- Pandan gason an kenbe kapòt la, li dwe dewoule kapòt la pou tout peni an kouvri.

4- Toujou mete yon kapòt anvan peni an antre nan kò lòt patnè a.













5- Lè gason an fin ejakile, li dwe kenbe bò kapòt la poul retirel anvan peni an mou.

6- Retire kapòt la epi asire'w ke likid la rete anndan kapòt la.

7- Mare bouch kapòt la vlope'l nan yon paye epi jetel nan poubèl. lave men yo.

8- Boule oubyen antere kapòt la. pa bliye lave men yo.